өзгешеликтиң нәтийжесинде мың жыллардан берли ата-бабаларымыз урпақтың саў-саламат өнип-өсиўин, қанның тазалығын, әўладтың ҳасыллығын көздиң қарашығындай сақлап келмекте. Демек, халқымыздың урыўлық қатнасы әўладтың келешегин ойлап ис тутқанын нағыз миллий тәрбия, узақты гөзлеп исленген даналық ис деп түсинип жаслардың санасына да сиңдирип барыў әҳмийетли ўазыйпа.

Ямаса халқымыздың миллий менталитетине тән болған әзелий миллий қәдирятларымыздан бири миймандослық. Бул ҳаққында халқымыз «Үйге қутлы қонақ келсе, қой егиз туўады» [2:127], «Ат болатуғын тай жылқыға үйир, адам болатуғын бала қонаққа үйир» [2:56], «Мийман атаңдай уллы» [2:140], «Келгенше қонақ уялады, келген соң қонақ жер уялады» [2:143], «Қонағын сыйлаған ел бай болады» [2:144], «Биреўдиң дузын ишсең, үйиңе кел де қазан, ошағыңды сазлай бер», «Қонақ келсе есиктен, ырысқалы кирер тесиктен» [2:130], «Қонақ келсе ет писер, ет писпесе бет писер» ҳәм т.б. нақыл-мақалларын дөреткен. Усы жерде кейинги нақылды талқыдан өткерип көрейик. Үйге қонақ келгенде бизиң халық дәстурханға барын шашып, қорадағы сойыслығын алып жуўырады. Қазанға гөш қайнатып ас береди. Егер қазанға салғандай гөши болмай қалса, қатты албырап, уяттан қызарып өзин қоярға жай таппайды. «Ет писпесе бет писер» дегени сол. Соймаға бир ешки малдан жақсырақ. (Бердақ). Демек, бул нақыл уят, ар-намыс пенен де байланыслы екен. Сондай-ақ, халқымызда «Тапқан биреўин, таппаған екеўин сояды» деген даналық сөз бар. Мал-ҳалы бар адам қорадағы шақлы биреўин соятуғыны түсиникли. Ал, маңлайға тиккен бир жанлығы бар адам қонақ келип қалса, қонаққа өзиниң жоқ-жуқалығын билдирмеў ушын, мал кетсе де арым кетпесин деген принцип пенен қорадағы буўаз малын сояды. Мине, бул халқымыздың миймандослығын, сақыйлығын, кең пейиллигин, мәртлигин көрсететуғын бирден-бир миллий өзгешелиги.

Миллий психология, миллий философия, миллий менталитет әййемги заманлардан баслап актуал мәселелерден есапланады. Зоорастризм дининиң жазба естелиги болған «Авесто»да Орайлық Азия халықларының минез-қулқы, үрп-әдетлери, дәстүрлери ҳәм характери архаик формада болса да сәўлеленген [2:239]. Қарақалпақ миллий ой-пикириниң қәлиплесиў тарийхында «Авесто», оның пайда болыўы ҳәм оның менен байланыслы тарийхый шахслар шежиреси үлкен тәрбиялық әҳмийетке ийе болған. Зардуштийликтен Шығыс философиясына, соның ишинде қарақалпақ миллий дүнья қарасына мийрас болып қалған айрықша сыпатлардың бири инсан еркинлиги, азатлығы, миллий өзлигин ўатан, туўған жер, өзине тийисли болған үлкениң азатлығы арқалы сезиниў туйғысы. Сондай-ақ, үш мың жылдан берли халқымызды, әсиресе жасларды қалыўсыз тәрбиялап киятырған «Авесто»да сәўлеленген *жақсы ой, жақсы сөз, жақсы ис* идеялары ҳәзирге шекем өзиниң әҳмийетин жоғалтпай, миллий тәрбияның, миллий менталитеттиң өзеги сыпатында қәдирленеди.

Жасларда миллий менталитет сезимин халық даналығы арқалы қәлиплестириў мәселеси еле де терең үйренетуғын мәселелердиң бири. Буны тек бир мақала шеңберинде жарытып бериў қыйын. Өйткени, бул жумыс заманагөй жаслар менталитети бойынша социологиялық изертлеў алып барыўды, оны терең анализлеўди талап етеди. Бабаларымыздан шынжырма-шынжыр өтип киятырған халық аўызеки дөретиўшилиги жасларды миллий менталитет руўхында тәрбиялаўда ең бай тәжирийбе мектеби бола алады.

Жасларымызды миллий менталитет руўхында тәрбиялаў миллетимиз келешегиниң беккем үстини ҳәм саўлатлы имараты болып, халық даналығы менен суўғарылған философиялық тәрбия оның беккем тийкарын қурайды. Ал өз гезегинде бундай беккем тырнақ үстине қурылған ҳәр қандай имараттың өмири бақый болады.

**Әдебиятлар**


1. Карим Т. По следам Авесты. –Ташкент: «Гафур Гулям», 2007, -С. 239. Махмудова Г.Т. Философская сущность Авесты. - Ташкент: «Санъат» 2010, - С. 253.
2. Қарақалпақ фольклоры. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1978.
3. Paziylet.uz.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада ёшларнинг миллий менталитетини шакиллантиришда халқ донолиги ўгитлари, оғзаки адабиёт намуналари, бадиий адабий мерословларнинг ўрни ва аҳамияти алоҳида эканлиги келтириб ўтилган. Яна қорақалпок халқи тарихи ва миллий қадриятларини ўрганиш борасида янги вазифалар белгилаб берилган. Айниқса, қорақалпоқ халқининг қадимги давлатчилиги урф-одат анъаналари, этник тарихи ва этногенезига алоқадор фикрлар билдирилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье показаны место и роль примеров народной мудрости, устного народного творчества и художественного литературного наследия в формировании национального менталитета у молодёжи. Ставятся новые задачи по изучению исторических и национальных ценностей каракалпакского народа. В статье приводятся мнения о традициях и обычаях, этнической истории и этногенеза древней государственности каракалпакского народа.

**SUMMARY**

In the article the author shows the place and role of wisdom, folklore and artistic literary heritage in the formation of national mentality of the youth. There are the new tasks to study the historical and national values of the Karakalpak people. The article also contains some important points of view about traditions and customs, ethnic history and ethnogenesis of the ancient statehood of the Karakalpak people. The article also contains some important points of view about traditions and customs, ethnic history and ethnogenesis of the ancient statehood of the Karakalpak people.


## Ruwqıylıq tiykarları

# ПУҚАРАЛЫҚ ЖӘМИЙЕТИ РАЎАЖЛАНЫЎЫНДА МИЛЛИЙ ҮРП-ӘДЕТ ҲӘМ ДӘСТҮРЛЕРДИҢ РОЛИ


**Г.Шерниязова** - *сиясаттаныў илимлериниң кандидаты, доцент*

*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*



**Таянч сўзлар:** фуқаролик жамияти, ижтимоий муносабатлар, шахс, ижтимоий институтлар, зардуштийлик, миллий урф-одат, миллий тарбия.

**Ключевые слова:** гражданское общество, социальное отношение, личность, социальный институт, зороастризм, национальные обычаи и традиции, национальное воспитание.

**Key words:** civil society, social attitude, person, social institute, zoroastrizm, national customs and traditions, national education.


Мәлим болғанындай, 2018-жыл 4-май күни № ПФ-5430 санлы Өзбекстан Республикасы Президентиниң «Мәмлекетти демократиялық жаңалаў процесинде пуқаралық жәмийети институтларының ролин түпкиликли арттырыў ис-илажлары ҳаққында»ғы пәрманы қабыл етилген еди.

Пәрман менен Өзбекстанда пуқаралық жәмийети, оның ҳуқықый ҳәм институционаллық тийкарларын

беккемлеўге қаратылған бир қанша ис-илажлар белгилеп қойылған [1].

Пуқаралық жәмийети ең дәслеп социаллық мүнәсибетлер процесинде өз көринисин таўып, мәмлекетте демократия, ҳуқықый мәмлекет ҳәм шахс еркинликлерин тәмийинлеўдиң әҳмийетли кепили болып хызмет етеди [2].

Қарақалпақ халқында әййемнен қәлиплесип келген үрп-әдет ҳәм дәстүрлер жоқары әҳмийетке ийе болып келмекте. Әсиресе, зардуштийлик дәўири дәстүрлери де елеге шекем сақланып қалған. Изертлеўши А.Аشировтың жазыўынша, зардуштийлик дини, яғный жалғыз Тәңирге сыйыныў қабыл етилгеннен соң, тон кийдириў дәстүри кең тарқалған [3]. Яғный, Ахурамазда парызлары ҳәм де Зардушт нәсиятларындағы нызамларды толық орынлайтуғын, ҳәр тәреплеме пәк, жоқары илимли, устаз пәтиясын алған зардуштийге ақ таўардан шапан, көйлек кийгизип, басына сәлле ораў, белине болса жүн жиптен тоқылған белбеўди байлаў әдетке кирген. Бизиңше, халқымыз арасындағы тон кийдирип, белбеў байлаў сыяқлы дәстүрлер зардуштийликтеги кийим кийдириў дәстүриниң трансформацияға ушыраған түри болса керек.

Сондай-ақ, зардуштийликтеги көплеп үрп-әдет ҳәм дәстүрлердиң әдетлери халқымыздың турмыс тәризинде әййемнен сақланып қалған. Бул орында дийқаншылық пенен байланыслы бүгинги байрамлардың зардуштийлик дәстүрлерине туўра келиўин мысал етип келтириў мүмкин. Бәҳәрде жерге туқым себиў менен байланыслы «дән себиў», егинди жыйнап алыў менен байланыслы «Қырман тойы», «Зүрәәт байрамы» сыяқлы байрамларды өткизген.

Зардуштийликте Наўрыз байрамын бәҳәрде байшешектиң шығыўы, лалалардың ашылыўы, бадамның гүллеўи, улыўма бәҳәрди жақсылық ҳәм жаңаланыўдың тымсалы сыпатында байрамлаған.

«Авесто»да ағла пикир, ағла сөз ҳәм ағла әмел тийкарғы философиялық түйин саналады. Онда ҳақыйқат, тәлим-тәрбия, жақсылық пенен жаманлық, ҳаял, шаңарақ, неке, экология ҳәм тәбийий ойлар, сондай-ақ ағлалық ҳәм жеделликтиң өзара байланыслылығы, мүлкий ҳәм кредит қатнасықлары, ислеп шығарыў, мийнет ҳәм мийнеттиң бөлистирилиўи, мәжбүриятларды орынлаўда тәбияттың орны сыяқлы мәселелер өзине тән тәризде баян етилген.

Халқымызда бала тәрбиясына әййемнен үлкен итибар берилген. Баланы тек ата-анасы емес, ал аўыл-аймақ тәрбиялайды, деген уғым бар. «Қызға қырық үй-ден тыйыў, бир үйден жыйыў», «Қыз өссе елдиң көрки» сыяқлы халық даналықлары қыз балалардың жәмийет-теги қандай орынды ийелейтуғынын билдиреди.

Жаслардың ақылый-руўхый раўажланыўында ҳәмме дәўирде де қоршаған орталық үлкен тәсир көрсетип келген. Көп балалы шаңарақларда, атап айтқанда, аўыллық орынларда, балалар ҳадал мийнет етиўге, үке-лерин тәрбиялаўда, ата-анасына, қоңсы-қобаға жәрдем бериўге жаслайынан-ақ әдетленген. Үлкен ямаса жасы киши ушырасқанда бир-бирлерине сәлем бериў, ҳал-аҳўал сорасыў да жоқары тәрбия ҳәм әдет саналады. Қоңсы-қобалардың үйинде қандайдур мереке болғанда жаслардың өзлери шығып көмеклесиўи де миллий тәр-бияниң нәтийжеси. Қызлар ийбели, уятлы, кишипейил, кем сөзли, ар-намыслы болыўдың қандай екенин ки-таплардан оқып емес, ал биринши мәрте ата-анадан ҳәм қоңсы-қобалардан үйренген.

Солай етип, пуқаралық жәмийеттиң белгилери ең алды менен халық тарийхы менен, онын мәденияты, тили, үрп-әдетлери ҳәм мәдений өмирдиң басқа та-раўлары менен байланысқан.

Демек,миллийлик халық тарийхый тәжирийбесиниң негизи, оның жетилискен ойы есапланады.

Дәстүрлер халықтың ең ағла элементи сыпатында ҳеш қашан ескирмейди, өзинде өтмиш ҳәм бүгинги күнди сәўлелендиреди, әўладлардың саламат турмыс тәризи жөнелисин тәмийинлеўге хызмет етеди. Соның ушын бундай дәстүрий үрп-әдетлер жаңа мәни менен байып, саламат турмыс тәризиниң әҳмийетли тәрепин қурайды. Мысал ретинде қарақалпақ халқының мий-мандослық әдетин алып қарайық. Миймандослық та-рийхта адамлар ортасындағы байланыс, сәўбет ҳәм өза-ра пикир алысыў нәтийжесинде келип шыққан. Инсан-ның кәсип-кәри, ийелеген лаўазымы қандай екенлиги-нен бийғәрез, мийман сыпатында шегара белгилеп қойылмайды. Ҳәтте бийтаныс ҳәм улыўма жат адамларға да баспана берип, оларды мийман етип күтиўи халқымыздың қанына сиңип кеткен.

Ҳақыйқатында да, пуқаралық жәмийети мийман до-слығы миллий турмыс тәризимиздиң әҳмийетли белги-си сипатындағы орнын сақлап қалған болып, бүгинги күнде оның мазмуны жәмийеттиң социаллық дүзилиси менен белгиленеди.

Пуқаралық жәмийетте миллий дәстүрлер ҳәм үрп-әдетлер, олардың топламлары, тәбияты ҳәм характери ҳаққында пикир жүргизилгенде миллий сана ҳәм мил-лий руўхтың ролин шетлеп өтип болмайды. Миллий санада миллий ҳәм миллетлераралық байланыс ҳәм қатнасықларды беккемлейтуғын социаллық ҳәм этни-калық тәреплердиң қурамалы тәреплери сәўлеленеди. Халықтың үзиликсиз социаллық-этникалық бирликке байланыслылығы ҳәм бағынышлы екенлигин аңлап жетиў ўақтында миллий сана шегарасында жүз береди. Бул жағдай ана тилин билиўге ҳәм раўажландырыўға, өз халқының жетискенликлеринен мақтаныў туйғыла-рының тереңлесиўине, оның жетекши дәстүрлерине, үрип-әдетлерине, мәдениятын сақлаўға түртки болады. Солай екен, дәстүрлер индивидиниң өз миллийлигин, өзине тийисли миллет пенен жанлы байланысын, сондай-ақ турмыс тәризин жетилистириў ҳәм раўаж-ландырыўдағы белсенди қатнасын тәмийинлейди.

**Әдебиятлар**


1. http://www.lex.uz/docs/3721649
2. Қирғизбоев М. Фуқаролик жамияти: генезиси, шаклланиши ва ривожланиши. -Т.: «Ўзбекистон», 2010, 247-б.
3. Аширов А. «Авесто»дан мерос удумлар. -Т.: «Халқ мероси», 2001, 8-б.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада фуқаролик жамияти тараққиётида миллий урф-одат ва анъаналарнинг роли ҳақида фикр юритилади. Фуқаролик жамияти белгилари, энг аввало, халқ тарихи, унинг маданияти, тили, урф-одатлари ва маданий ҳаётнинг бошқа соҳалари билан боғлиқ. Фуқаролик жамияти таррақиётида зартуштийлик маданияти намуналари ҳам муайян даражада ўз ҳиссасини қўшган.



**РЕЗЮМЕ**

В статье приводятся мысли о роли национальных традиций и обычаев в развитии гражданского общества. Признаки гражданского общества прежде всего связывались с историей народа, его культурой, языком, обычаями и другими отраслями культурной жизни. В развитие гражданского общества весомую лепту внесли и образцы культуры зароостризма.



**SUMMARY**

The article presents thoughts about the role of national traditions and customs in the development of civil society. Signs of civil society were primarily associated with the history of the people, their culture, language, customs, and other branches of cultural life. Samples of the culture of Zeroostrism have made a significant contribution to the development of civil society.